

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa salah sahiji alat komunikasi dina kahirupan manusa, ngaliwatan basa manusa bisa ngedalkeun idé, pikiran, rasa, jeung kahayang. Kaparigelan dina ngedalkeun idé, pikiran, rasa, jeung kahayang nurutkeun Tarigan (2008, kc. 1) ngawengku opat aspék, nya éta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigean nulis (*writing skill*), jeung kaparigelan maca (*reading skill*).

Nulis mangrupa kaparigelan basa nu kawilang penting. Nulis nya éta hiji prosés ngébréhkeun idé atawa gagasan dina wangun paparan basa tinulis nu mangrupa simbol-simbol basa. Pangajaran nulis di sakola kawilang penting sabab pikeun ngamekarkeun daya imajinasi jeung kaparigelan siswa dina ngedalkeun pangrasa jeung pamikiran anu diébréhkeun kana wangun tinulis. Pangajaran nulis di sakola nya éta nulis carpon, nulis dongeng, nulis surat, jeung nulis sajak.

Nurutkeun Iskandarwassid dina Koswara (2011, kc. 91) sajak téh salah sahiji wanda puisi atawa wangun ugeran anu teu (pati) kauger ku patokan wangunna, pangna bisa ogé disebut sajak bébas. Pangajaran sajak di sakola kawilang penting, lantaran dina nyieun sajak siswa diperedih pikeun ngagunakeun daya imajinasi anu kuat, sangkan ngahasilkeun sajak anu hadé. Pangajaran nulis sajak diajarkeun di kelas VII SMP. Éta hal luyu jeung katangtuan ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat ngeunaan Kompetensi Inti Kompetensi Dasar pangajaran basa jeung sastra Sunda. Ayana dina Kompetensi Dasar disebutkeun yén:

- 7.1.1 *Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi dalam percakapan, iklan layanan masyarakat, karangan bahasan, pengalaman pribadi, kaulinan barudak, dongéng, sajak, dan pupujian (KI-1)*
- 7.2.4 *Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk mengapresiasi dan mengekspresikan dongeng, sajak, dan pupujian (KI-2)*

7.3.6 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis sajak sesuai dengan kaidah-kaidahnya (KI- 3)

7.4.6 Menafsirkan, menanggapi, dan mengekspresikan sajak sesuai dengan kaidah-kaidahnya (KI-4)

Minat siswa dina nulis sajak téh kurang, loba faktor anu nyababkeunana, contona waé siswa kurang resep kana pangajaran nulis sajak lantaran cara guru nerangkeunana anu konvensional, siswa kurang parigel dina kagiatan nulis, siswa kurang paham kana tiori ngeunaan sajak, siswa dibéré tugas nyieun sajak teu dibéré bantuan séjén saperti modél atawa média pangajaran.

Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulan masalah di luhur nya éta ku cara ngagunakeun média pangajaran. Média pangajaran gedé pisan mangpaatna, kaasup dina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Guru diperedih kréatip dina nyieun atawa ngagunakeun média pangajaran, guru ogé kudu pinter milih média pangajaran anu hadé kusabab média pangajaran bisa ngaronjatkeun kualitas hasil diajar siswa. Ieu hal luyu jeung anu ditétélakeun ku Sudjana (2011, kc. 7), yén média pangajaran bisa ngaronjatkeun kualitas prosés diajar-ngajar, anu bisa mangaruhan kualitas hasil diajar siswa.

Loba cara anu bisa dilaksanakeun ku guru. Salah sahiji cara pikeun ngaronjatkeun minat siswa dina kagiatan nulis sajak téh nya éta ngagunakeun média *photostory*. Siswa nulis atawa nyusun hiji sajak ku cara ngébréhkeun idé anu aya dina *photostory*. Ku cara ngagunakeun média *photostory* dina kagiatan nulis sajak, dipiharep siswa bisa ngawangun imajinasi anu saterusna bisa diébréhkeun dina kecap-kecap pikeun nyieun sajak anu hadé. Ieu média gampang dipakéna dina pangajaran, sabab teu perlu ngaluarkeun biaya anu gedé. Média *photostory* téh nya éta foto anu disusun sacara sistematis atawa ngarangkay, anu ngahasilkeun hiji carita. Ieu média digunakeun sangkan siswa bisa resep jeung kataji dina prosés diajar-ngajar.

Saméméhna kungsi diayakeun panalungtikan skripsi ngeunaan média *photostory* pikeun ngaronjatkeun nulis carpon, nya éta “Éféktifitas Média *Photostory* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carpon (Studi Kuasi Ékspérimen di kelas XI

SMA Muhammadiyah Cipanas Taun Ajaran 2012/2013)” ku Firlian Nurahman taun 2013. Ieu panalungtikan téh museur kana nulis carpon, sedengkeun média *photostory* pikeun nulis sajak mah can dilaksanakeun. Ku kituna, ieu panalungtikan anu dijudulan “Média *Photostory* dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, sangkan teu lega teuing ambahanna sarta ieu panalungtikan anu dilaksanakeun bisa museur, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan pangaruh média *photostory* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média *photostory*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun media *photostory*?
- 3) Naha aya béda signifikansi antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum diayakeun ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji média *photostory* dina nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média *photostory*;
- 2) kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun média *photostory*; sarta
- 3) béda antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta nambahan pangaweruh ngeunaan media, kaéféktifan média jeung kaparigelan siswa dina nulis sajak, jeung salah sahiji inovasi dina pangajaran nulis sajak.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés diwincik sababaraha mangpaat anu sifatna praktis, nya éta ieu di handap.

- 1) Pikeun Siswa

Média *photostory* dipiharep bisa mantuan siswa dina ngamotékarkeun daya imajinasina dina nulis sajak.

2) Pikeun Guru

Méré gambaran sangkan leuwih mekarkeun pangaweruhna ngeunaan prosés ngajar, hususna dina ngajarkeun sajak nu ngagunakeun média *photostory*.

3) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho jeung meunang pangalaman nalungtik ngeunaan kaéféktifan salah sahiji media pangajaran, utamana média *photostory* dina pangajaran nulis sajak di kelas VII SMP Negeri 9 Bandung.

4) Pikeun nu maca

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngabeungharan wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan média *photostory* pikeun pangajaran nulis sajak.

5) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran Basa jeung Sastra Sunda jadi leuwih euyeub ku rupa-rupa média pangajaran anu hadé, lantaran ieu média geus kauji ngaliwatan hiji panalungtikan.

1.5 Raraga Nulis

Sacara gurat badag raraga skripsi kabagi jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

BAB II Tatapakan tiori medar ngeunaan tiori média, tiori nulis, tiori sajak, média *photostory* dina nulis sajak, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode panalungtikan, eusina ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu ngawengku kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung saméméh ngagunakeun média *photostory*, kamampuh nulis sajak siswa kelas VII-14 SMP 9 Bandung sabada

ngagunakeun média *photostory*, beda signifikansi antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photosory*, jeung pedaran hasil panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung saran, mangrupa bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina ieu panalungtikan. Dina ieu bab, ngawengku kacindekan jeung saran.